

Gonore

Gonore se yon enfeksyon bakteryèn ki pwopaje nan fè bagay nan vajen, nan dèyè ak nan bouch.

Sentòm yo

Pifò moun ki gen gonore pa gen okenn sentòm. Si sentòm vin devlope, yo ka gen ladan yo:

- Ekoulman nan vajen an ki diferan de ekoulman nòmal
- Senyen ant règ yo
- Ekoulman jòn oswa vèt (gout) nan peni an
- Doulè oswa senyen pandan oswa aprè w fè bagay
- Doulè lè w pipi
- Konstipasyon
- Doulè nan rektòm, senyen oswa ekoulman



Gonore

Prevansyon

Kapòt ak pwoteksyon bouch ka anpeche pwopagasyon gonore a. Gen plizyè patnè ogmante risk ou pou pran ak pwopaje enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infections, STIs), ki gen ladan gonore.

Tès

Tou depan de jan ou fè bagay, pwofesyonèl swen sante ou a ka teste echantyon ki soti nan pipi ou, kòl matris, peni, rektòm oswa gòj ou. Ou dwe onèt ak pwofesyonèl swen sante ou sou diferan jan ou fè bagay.

Tretman

Yo trete gonore ak antibiotik. Tretman konplè a nesesè pou trete enfeksyon an, kidonk li enpòtan pou pran tout medikaman an, menm si ou santi ou pi byen.

Ou ta dwe reteste apre twa (3) a kat (4) mwa pou asire w ke ou pa te enfekte ankò, men pwofesyonèl swen ou a ka rekòmande ke ou reteste avan twa (3) mwa.

Poukisa Pou w Jwenn Tretman

Si li pa trete, gonore ka lakòz gwo doulè, esterilite (enkapasite pou fè timoun), ak testikil ki fè mal oswa anfle. Li ka ogmante risk pou w gen yon gwo gosè tibal (ektopik). Lè w gen gonore, li plis fasil tou pou pran oswa transmèt VIH.

Patnè Seksyèl yo

Patnè seksyèl ou a (yo) dwe trete tou pou yo pa devlope pwoblèm sante grav, re-enfekte w oswa pase enfeksyon an bay lòt moun. Ou ta dwe di tout patnè seksyèl ou te genyen pandan de (2) dènye mwa yo sou enfeksyon ou a pou yo kapab egzamine epi trete.

Gonore ak Gwo gosè

Tout moun ki ansent ta dwe teste pou gonore ak lòt STI yo, ki gen ladan VIH, osito posib nan gwo gosè la. Gonore ka lakòz foskouch ak akouchman premature. Li ka lakòz tou enfeksyon nan je yon ti bebe ki fenk fèt.

Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik,
vizite
nyc.gov/health/clinics.